

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas alat ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna jeung ragam diantara anggota masarakat pikeun alat komunikasi (Sudaryat, 1991: 1). Lambang sora omongan mangrupa sistem anu ngabogaan wangun jeung harti. Éta lambang sora téh dihasilkeun ku pakakas ucap manusa lain ku pakakas lain. Tujuan atawa fungsi utama dipakéna basa téh dumasar kana karageman atawa kasapukan masarakatna. Tujuan atawa fungsi utama dipakéna basa minangka pakakas atawa alat komunikasi pikeun ngedalkeun pesen (rasa, pikiran jeung kahayang) ka jalma lian atawa narima pesen ti nu lian. Saumpama dipatalikeun jeung adegan basa, basa minangka alat komunikasi téh diwangun ku dua lapisan, nya éta lapisan lahir (wangun) jeung lapisan batin (eusi).

Basa miboga wangun nya éta lisan jeung tulisan. Wangun lisan nya éta wangun anu nepikeun basa ku cara omongan langsung ngaliwatan alat ucap, sedengkeun wangun tinulis nya éta wangun anu teu langsung ku cara ngaliwatan média tulisan, contona koran, buku téks, novél. Novél mangrupa salasihiji karya anu nepikeun basa dina wangun tinulis.

Kiwari basa Sunda téh kaasup basa daérah anu masih dipaké tur dipiara. Ku kituna, hirup kumbuhna basa Sunda téh ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945 Bab XV, penjelasan Pasal 36, anu nétélakeun yén:

“Di daerah-daerah yang mempunyai bahasa sendiri yang dipelihara oleh rakyatnya dengan sebaik-baiknya (misalnya bahasa Jawa, Sunda, Malaka, Madura dsb) Bahasa itu akan dihormati dan dipelihara juga oleh negara.”

Saperti nu dicindekkeun dina *Semin ar Politik Bahasa Nasional 1975* di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi:

- 1) Lambang kareueus masarakat Sunda,
- 2) Lambang jati diri (idéntitas) masarakat Sunda,
- 3) Alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda,
- 4) Pangdeudeul basa nasional,
- 5) Basa panganteur di Sakola Dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran liana, sarta
- 6) Alat pikeun mekarkeun jeung pangdeudeul budaya Sunda (Sudaryat spk, 2007: 3).

Niténan kalungguhan basa Sunda anu kacida pentingna, urang salaku urang Sunda miboga pancén pikeun ngamumulé basa Sunda sangkan basa Sunda henteu kalindih ku basa séjén.

Basa téh mangrupa hiji sistem anu sipatna sistemis jeung sistematis. Sistem basa téh ngawengku dua lapisan, nyaéta *wangun* jeung *eusi*. Lapisan wangun ngawengku dua tahapan, nyaéta *wangun gramatik (katatabasaan)* nu ngawengku

wacana, kalimah, klausa, frasa, kecap, jeung morfém; jeung wangun *fonologi* nu ngawengku engang, foném jeung sora. Lapisan eusi mangrupa *harti*. Wangun katatabasaan *sintaksis* maluruh adegan wacana, kalimah, klausa, frasa; jeung *morfologi* maluruh adegan morfém jeung kecap (Sudaryat, 1997: 5).

Ieu panalungtikan patali jeung kalimah anu mangrupa bagian tina sintaksis. Sintaksis nyaéta salasihiji cabang tina tata basa anu ngulik, maluruh, jeung medar frasa, klausa, kalimah, jeung wacana katut patali gramatik antarkontruksina. Ari nu dimaksud kalimah téh nyaéta konstruksi gramatik maksimal, anu mangrupa bagian pangleutikna anu ngandung pikiran anu lengkep tina hiji wacana, anu diwatesan ku randegan pajang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, anu relatif bisa mandeg mandiri (Sudaryat, 2007: 180).

Kalimah bisa dipasing-pasing nurutkeun warna (katégori) kecap atawa frasa anu jadi caritaanana. Dumasar kana ieu patokan, kalimah bisa dibédakeun jadi (1) kalimah pagawéan atawa kalimah *vérbal* jeung (2) kalimah tanpagawéan atawa kalimah *nonvérbal*. Kalimah tanpagawéan nya éta kalimah anu caritaanana lain kecap pagawéan atawa lain vérbal. Nu kaasup kalimah tanpagawéan téh nya éta kalimah barang (*nominal*), kalimah sipat (*adjéktival*), kalimah bilangan (*numeral*), jeung kalimah pangantét (*préposisional*) (Sudaryat, 2007: 258).

Pedaran perkara kalimah téh geus dipedar dina buku-buku katatabasaan hususna basa Sunda sarta dina panalungtikan-panalungtikan nu geus dilaksanakeun di Jurusan Basa Sunda, upamana baé: *Sintaksis Basa Sunda* (Prawirasumantri, 1992), *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 1997), jeung *Sintaksis Basa Sunda* (Kuswari: 2010).

Sandri Sandiansyah, 2012

Kalimah Tanpagawean Dina Novel *Patepung Di Bandung* Karangan Taufik Faturohman Pikeun Pangajaran Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Basa kaasup kalimah anu tangtu bisa dilarapkeun dina karya sastra, sabab basa téh mangrupa pakakas dina karya sastra. Dina ieu panalungtikan anu dipaluruh téh nyaéta kalimah anu kaasup kana ambahan basa, sedengkeun sumber panalungtikanna nyaéta novél anu kaasup kana karya sastra.

Iskandarwassid (2003: 138) nétélakeun yén karya sastra téh nya éta karya seni anu digelarkeun ngagunakeun parabot anu mangrupa basa. Minangka karya seni, warnaning karya seni sastra téh diciptakeun salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur estetis (kaéndahan sastra) ku lantaran alatna basa, nya nu diolah ku pangarang téh sakabéh poténsi éstétis nu dipimilik ku basa pikeun nimbulkeun kasugemaan rasa émosional, batintah, warna éfék basa (alat, cangkang, jeung eusi).

Dumasar kana pamadegan di luhur, tétéla yén usaha karya sastra téh pikeun ngolah kaéndahan anu kapimilik ku basa. Kaéndahan dina sastra bisa ngahudangkeun rasa. Hal ieu patalina jeung cangkang basa sarta eusi basa dina éta karya sastra. Ku kituna, milih kecap-kecap anu merenah dina karyana diperlukeun pisan pikeun nepikeun maksud eusi hiji karya sastra.

Salaku salasihiji wangun karya wangun tinulis tinangtu waé novél bisa dijadikeun salasihiji sumber atawa média dina pangajaran, utamana pangajaran basa jeung sastra. Dina basa Sunda, karya novél anu medal geus kawilang loba jadi moal matak hésé néangan data pikeun bahan pangajaran di sakola. Kalimah mangrupa salasihiji unsur penting dina karya sastra sabab hal éta ogé bisa jadi tolak ukur kaparigelan pangarang dina nepikeun maksud sangkan bisa katarima atawa kacangking ku nu maca kalawan bener.

Dina unggal kagiatan pangajaran, ayana bahan pangajaran kacida penting, lantaran hal éta nu jadi kagiatan inti dina pangajaran nya éta prosés guru nepikeun matéri ajar ka muridna ngagunakeun téhnik jeung métode nu tangtu luyu jeung kabutuhan sarta kréativitas guru.

Panalungtikan hiji karya sastra dina waktu kiwari loba ditujukeun kana struktur caritaan, saperti: téma, alur, tokoh, latar, puseur implengan, jeung amanah. Ari panalungtikan ngeunaan kalimah tanpagawéan can kungsi aya. Mémang aya sababaraha panalungtikan nu aya kaitanna jeung kalimah jeung dina novél nya éta “Kalimah Pamungkir Dina Novél *Saudagar Batik*, Karangan Ahmad Bakri” ku (Komalasari, 2005), “Adegan Pragmatis Kalimah Paréntah dina *Kumpulan Carpon Dukun Lepus*, Karangan Ahmad Bakri” ku (Purbasari, 2008), “Frasa Pagawéan dina Novel *Pangéran Kornél*, Karangan R.Méméd Sastrahadiorawira” ku (Sunartin, 2003), ogé “Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina *Kumpulan Carpon Ajalna Sang Béntang Pilem*, Karangan Duduh Durahman” ku (Kharisma, 2008). Tacan kungsi aya panalungtikan ngeunaan kalimah tanpagawéan anu maké tilikan struktur jeung semantik ogé pikeun bahan pangajaran.

Ku lantaran kitu, panalungtikan anu juduna “Kalimah Tanpagawéan dina Novél *Patepung di Bandung* Karangan Taufik Faturohman pikeun Bahan Pangajaran di SMA (Tilikan Struktur jeung Semantik)” perlu pisan dilakukeun.

1.2 Watesan Jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ku sabab ambahan kalimah téh lega pisan, dina ieu panalungtikan baris diwatesanan. Henteu sakabéh kalimah ditalungtik, tapi museur kana struktur jeung patali harti antarunsur pangwangun kalimah tanpagawéan anu aya dina novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman, nyaéta kalimah barang, sipat, bilangan, jeung pangantét.

Tumali jeung SKKD, perkara kalimah bisa dipatalikeun kana aspék pangajaran maca. Ku kituna, bahan kalimah dina ieu panalungtikan téh baris dihijikeun kana bahan pangajaran maca novel di SMA saluyu jeung SKKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda pikeun SMA/MA, nyaéta aspék maca.

1.2.1 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh medar ngeunaan kalimah tanpagawéan. Aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun patali jeung kalimah tanpagawéan. Rumusan masalah ieu panalungtikan téh bisa dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kalimah tanpagawéan anu kapanggih dina novel *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman?
- 2) Kumaha wanda kalimah tanpagawéan anu nyampak dina éta novél?

- 3) Kumaha struktur kalimah tanpagawéan anu nyampak dina éta novél?
- 4) Kumaha patali harti antarunsur pangwangun kalimah tanpagawéan anu aya dina éta novél?
- 5) Naha cocog atawa henteu kalimah tanpagawéan dina novel *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturhman dijadikeun bahan pangajaran di SMA?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun kalimah tanpagawéan dina novel *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturhman katut bahan pangajaranana. Ari déskripsina ngawengku:

- 1) Kalimah tanpagawéan anu kapanggih dina novel *Patepung di Bandung*;
- 2) Wanda kalimah tanpagawéan anu nyampak dina novel *Patepung di Bandung*;
- 3) Struktur kalimah tanpagawéan anu nyampak dina novel *Patepung di Bandung*;
- 4) Patali harti antar unsur pangwangun kalimah tanpagawéan anu aya dina novel *Patepung di Bandung*; jeung
- 5) Bahan pangajaran kalimah tanpagawéan dipatalikeun kana bahan pangajaran maca di SMA/MA.

1.3.2 Manfaat Panalungtikan

Aya sababaraha mangpaat tina ieu panalungtikan, boh anu sipatna tioritis boh anu praktis. Mangpaat tioritis anu bisa kacangking, nyaéta:

- 1) Mekarkeun kaidah-kaidah kalimah tanpagawéan;
- 2) Ngeuyeuban tiori tata basa nu aya, hususna kalimah tanpagawéan;
- 3) Pikeun ngajembaran conto-conto kalimah tanpagawéan;
- 4) Pikeun mikanyaho struktur kalimah tanpagawéan;
- 5) Panalungtik boga pangalaman langsung ngaanalisis kalimah tanpagawéan dina karya sastra;
- 6) Bisa dijadikeun sumber révisi buku-buku katatabasaan saméméhna; jeung
- 7) Bisa dijadikeun tatapakan dina nyusun panalungtikan séjénna ngeunaan kalimah tanpagawéan.

Tina segi praktis, ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun ku guru, siswa jeung lembaga.

- 1) Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa ngaronjatkeun atikan pangajaran utamana dina pangajaran ngeunaan kalimah tanpagawéan.
- 2) Pikeun siswa, ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh ngeunaan kalimah tanpagawéan.
- 3) Pikeun lembaga, bisa méré sumbangan ilmiah pikeun panaratas panalungtikan ngeunaan kalimah tanpagawéan.

1.4 Raraga Nulis

Ieu tulisan diwangun ku lima bab, nyaéta: bab 1 dijudulan “Bubuka”, anu eusina mangrupa kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat ieu panalungtikan, jeung raraga nulis. Dina bab 2 dijudulan “Kalimah Tanpagawéan, bahan pangajaran maca basa sunda di SMA, jeung asumsi”, ngébréhkeun tiori Kalimah tanpagawéan, rarancang bahan pangajaran, jeung asumsi. Dina bab 3 dijudulan “Métode Panalungtikan” anu eusina medar sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén jeung téhnik panalungtikan. Dina Bab 4 dijudulan “Déskripsi jeung Analisis Kalimah Tanpagawéan dina Novel *Patepung Di Bandung* Karangan Taufik Faturohman katut Bahan Pangajaran di SMA” ngadéskripsikeun jeung nganalisis kalimah tanpagawéan anu ngawengku data kalimah dina éta novél, adegan, wanda, tatali harti antarunsur katut bahan pangajaranana. Pamungkas nyaéta bab 5 anu dijudulan “Kacindekan jeung Saran” mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran ti panyusun.